

<b>PLANT:</b> Jennersville Hospital	
<b>MANYÈL:</b> Pou òganizasyon (Administrasyon)	<b>DOSYE:</b> Dwa ak Responsablite Moun lan
<b>TIT:</b> Asistans Finansyè pou Pasyan	<b>MÈT DOKIMAN:</b> Direktè pou Aksè Pasyan
<b>MOUN K AP ADMINISTRE DOKIMAN AN:</b> Vis Prezidan Sik Resèt yo	<b>MO KLE:</b>
<b>DAT ORIJINAL LA:</b> Septanm 2017	<b>DAT REVIZYON:</b> Mas 2019

**KAD:**

Aplikab pou Jennersville Hospital ak filyal li yo. Règleman sa a pa aplike pou doktè ki pa anplwaye, k ap bay pasyan Jennersville Hospital swen.

**OBJEKTIF:**

Pou asire pwosedi estanda yo etabli ak pratike nan tout Jennersville Hospital pou sa ki konsène idantifye epi toujou ede pasyan ki bezwen asistans finansyè. Yo deziyen Jennersville Hospiyal yon òganizasyon charitab anba Internal Revenue Code (IRC) Seksyon 501 (c) (3). An konfòmite ak IRC Seksyon 501 (r), li oblije etabli ak lajman pibliye politik asistans finansyè òganizasyon an. Entansyon politik la se idantifye ak sèvi pasyan ki nan bezwen finansye, epi kreye yon sansibilizasyon sou disponiblite asistans finansyè nan tout sistèm sante ak kominote a.

**POLITIK:**

Yon pati nan misyon Jennersville Hospital se bay swen sante ak konpasyon, ki aksesib, ki de bon kalite, epi ki pa twò chè osen kominote an; nou rekonèt se pa tout pasyan ki gen menm kapasite pou peye pou sèvis medikal yo. Jennersville Hospital pral lajman pibliye disponiblite asistans finansye nan kominote an atravè sit entènèt sistèm sante an, bwochi ak angajman vizavi gwoup defans kominote yo. Konseye finansye pral edike pasyan yo ak fanmi yo an referans ak resous ki disponib yo epi pral bay asistans nan kad aplikasyon asistans finansyè an ak pwosesis apwobasyon, pou asire tout pasyan yo kontinye gen opòtinite pou jwenn swen yo bezwen.

**DEFINISYON:**

Montan Lajan Yo Touche Jeneralman (AGB, Amounts Generally Billed): Seksyon 501(r)(5)(A) mande pou òganizasyon lopital limite kantite lajan yo touche pou ijans oswa lòt swen medikal nesesè yo bay moun ki kalifye pou asistans nan kad FAP òganizasyon an (FAP-moun ki kalifye) pou l pa plis pase kantite lajan jeneralman yo touche nan men moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Pou kalkile AGB, yo sèvi avèk metòd pwospeksyon ki baze sou frè Medicare pou pri sèvis yo.

EMTALA (the Emergency Medical Treatment and Labor Act/Lwa sou Tretman ak Travay Medikal nan Sitiyasyon Ijans): Règleman federal ki deklare nenpòt lopital ki aksepte pèman ki soti nan Medicare, dwe bay swen a nenpòt ki pasyan ki rive nan depatman ijans li pou tretman, kèlkeswa sitwayènte pasyan an, estati legal li nan peyi Etazini, oswa kapasite li pou peye pou sèvis yo.

Estanda Povrete Federal (FPL): Yo pibliye gid sa yo chak ane nan rejis Federal la epi yo sèvi avèk yo pou detèmine yon nivo povrete debaz. Depatman Sante ak Sèvis Sosyal pibliye enfòmasyon estatistik sa a.

Asistans Finansyè: Swen sante yon pasyan resevwa san yo pa atann ke pasyan an peye pou sèvis, ann antye oswa an pati, jan sa detèmine pa enkapasite finansye yon pasyan genyen pou peye.

Moun k ap bay Garanti: Moun ki legalman ak finansyèman responsab pou pèman bòdwo yon pasyan.

Sèvis ki koute chè: Nan kad règleman sa a, sèvis siperyè yo defini, men se pa sa sèlman, kòm depatman siperyè yo bay, tankou kadyoloji, sèvis perioperatwa, admisyon pwograme, ak sèvis respiratwa, ak sèvis terapi pou pasyan ekstèn.

Konpozisyon fwaye: Detèmine pa kantite moun ki peye taks nan fwaye an. Gwosè fwaye an gen ladann, men se pa sa sèlman, moun k ap ranpli taks yo, konjwen moun k ap ranpli taks yo, ak lòt depandan taks yo.

Revni fwaye an: Revni moun ki rete nan kay la gen ladann (men pa sèlman) salè, enterè, dividann, avantaj sekirite sosyal, avantaj sosyal pou veteran, pansyon ak revni madanm oswa mari. Pou yo ka elijib pou asistans finansyè, egzanp revni ki ekskli yo se asistans tanporè pou benefis fanmi (TANF), benefis pwogram asistans nitrisyon sipleman (SNAP), pwogram benefis asistans enèji lakay (LIHEAP), ak benefis move tan.

Medicaid: Yon pwogram onivo federal e leta ki ede ak depans medikal pou sèten moun ki gen revni ak resous limite.

Sèvis medikal nesèsè: Swen Sante oswa materyèl ki nesèsè pou fè dyagnostik oswa trete yon maladi, aksidan, kondisyon, maladi oswa sentòm li, ki satisfè estanda lamedsin.

Pasyan ki Sipoze Elijib: Pasyan ki sipoze elijib pou asistans finansyè sou baz sikonstans lavi tankou sanzabri, san salè, oswa elijibilite anvan sa pou pwogram asistans finansyè.

Pasyan ki pa gen ase asirans yo: Pasyan ki gen asirans pwoteksyon men ki vin yon gwo responsabilite finansyè pou pasyan an pou pèman fakti medikal yo.

Pasyan ki pa gen asirans: Pasyan ki pa gen asirans ki disponib pou bezwen medikal yo.

## **PWOSEDI:**

### **1) Fè konnen opsyon Asistans Finansyè ki genyen pou Pasyan**

- a) Règleman sou Asistans finansye ak aplikasyon pou asistans finansye nan moman an, nan lang angle ak panyòl, disponib nan: <https://jennersville.towerhealth.org/patients-families/billing-and-insurance/financial-assistance/>. Anplis, Tower Health kenbe, epi mete ajou omwen chak trimès, yon lis tout founisè (idantifye pa non, gwoup pratik / antite, seksyon lopital oswa kalite sèvis) kap bay swen ijans oswa lòt swen medikal nesèsè nan Jennersville Hospital, ki endike ki founisè ki kouvri oswa ki pa kouvri pa règleman sou Asistans Finansye pou Pasyan an. Lis founisè sa a disponib anliy sou sitwèb Jennersville Hospital: <https://jennersville.towerhealth.org/find-a-doctor/>, epi ou ka jwenn yon kopi gratis lè w rele nan 610-869-1090. Frè pou sèvis doktè ki pa anplwaye Jennersville Hospital yo pa nan règleman asistans finansye a.

- b) W ap jwenn panflè nan lang anglè ak espanyòl nan lòbi ak sal datant Jennersville Hospital. Panflè sa yo bay yon rezime fasil pou li sou pwogram asistans finansyè an, ak enfòmasyon pou kontakte anplwaye Jennersville Hospital k ap asiste pasyan yo ak pwosesis aplikasyon an. Panflè sa yo distribiye tou bay pasyan nan pwen anrejistreman atravè Jennersville Hospital. Pasyan ki pa asire oswa ki fè konnen yo pa kapab peye nan kote yo pran sèvis la resevwa panflè an. Pasyan ki gen ijans ki nan sitiwayon sa yo ap resevwa panflè a lè yo ba yo egzeyat.
- c) Relve bòdwo pasyan pou sèvis Jennersville Hospital gen ladan yo konsèy ak sa pou fè sou pwogram asistans finansyè ki genyen an. Mete sou sa, dèyè do relve bòdwo a se yon aplikasyon pou asistans finansyè.
- d) Jennersville Hospital ap travay nan tèt ansanm ak pwogram militans nan kominote an. Ajans sa yo konnen politik sou disponiblite asistans finansyè Jennersville Hospital.

## **2) Idantifye pasyan ki gen bezwen Asistans Finansyè pou sèvis medikal ki nesèsè:**

- a) Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti pou sèvis finansyè pasyan Jennersville Hospital, ap genyen opòtinite pou idantifye pasyan ki pa asire ak pasyan ki pa asire ase. Resous konsèy finansyè Jennersville Hospital yo ap ede pasyan sa yo ak pwosesis aplikasyon Medicaid la.
- b) Pasyan yo refize bay kouvèti Medicaid, oswa yo evalye epi yo jwenn ki pa ranpli kondisyon pou kouvèti Medicaid la, y ap mete yo nan pwogram Asistans Finansyè Pasyan an.
- c) Sèvis finansyè pasyan Jennersville Hospital yo ap itilize resous kalifikasyon ki egziste yo pou detèmine kouvèti asirans ak avantaj ki genyen pou tout pasyan yo. Pou pasyan ki gen randevou, verifikasyon kouvèti an ap fèt anvan pasyan an rive pou tout sèvis ki koute chè yo (pa egzanp. MRI, CT Scan, pwosedi chiriji, sèvis kadyoloji). Pasyan ki gen randevou e k ap resevwa sèvis ki pa koute chè, ansanm ak pasyan ki pa gen randevou, ap genyen kouvèti yo verifye nan moman admisyon an. Kòm konsekans pwosesis verifikasyon kouvèti an, yo ka mande pasyan pou yon pòsyon lajan yo responsab pou li an anvan yo bay yo admisyon. Y ap verifye kouvèti pasyan sèvis ijans apre egzamen despistaj medikal, jan egzijans EMTALA yo mande sa.
- d) Politik pou faktire ak touche nan Lopital Brandywine esplike pwosesis Lopital Brandywine pral itilize pou chaje epi touche nan men pasyan ki pa gen asirans yo, epi chèche touche lajan ki poko peye yo. Pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan se 25% AGB a epi yo aplike l nan moman y ap fè premye pèman. W ap jwenn politik faktirasyon ak touche lajan apa sa nan Lopital Brandywine sou sit entènèt lopital Brandywine lan, epi ou ka mande yon kopi sou papye, gratis, ak yon imel w ap voye bay [call.center@towerhealth.org](mailto:call.center@towerhealth.org) oswa lè w rele nan 484-628-5683.

## **3) Detèmine elijiblite pou Asistans Finansyè**

- a) Pasyan k ap chèche, oswa ki resevwa sèvis medikal nesèsè epi ki montre enkapasite yo pou peye sèvis yo, ap konsidere pou politik asistans finansyè an.
- b) Pasyan k ap vizite soti nan lòt peyi epi ki bezwen sèvis ijans kalifye pou konsiderasyon asistans finansyè. Sepandan, pasyan k ap vizite peyi Etazini ak lentansyon pou yo resevwa swen ki pa ijan pa kalifye pou asistans finansyè an jeneral.
- c) Y ap mande pasyan pou yo bay prèv revni fwaye an ansanm ak non moun ki nan fwaye a, kòm yon egzijans pou antre nan pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon sa yo ap sèvi pou wè ki kote nan Konsiy Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level Guidelines oswa FPL), fwaye an tonbe. Kategori FPL la ap di kantite lajan pasyan oswa moun k ap bay garanti an ap peye pou bòdwo medikal yo jan tablo annapre a montre:

- d) Yo afekte yon kantite lajan alokasyon pou chak kategori FPL epi pou yo kalkile l yo sèvi ak pousantaj yo asiye nan Frè-Medicare la pou Pri Sèvis. Pou pasyan ki piwo pase 400% FPL la, pousantaj pou moun ki pa gen asirans lan aplike.

Kategori FPL	Alokasyon	Lajan maksimòm pasyan peye pou chak rankont/vizit
= < 200% FPL	100% alokasyon asistans finansyè	\$0
ant 201% ak 250% FPL	90% alokasyon sou to MCR FFS	\$300
ant 251% ak 300% FPL	80% alokasyon sou to MCR FFS	\$500
ant 301% ak 350% FPL	70% alokasyon sou to MCR FFS	\$1,000
ant 351% ak 400% FPL	50% alokasyon sou to MCR FFS	\$2,000

- e) Yo ka detèmine pasyan ki gen chans pou elijib pou asistans finansyè a sou baz sikonstans y ap viv nan moman an. Jennersville Hospital ap itilize tout resous disponib pou verifiye chans pou elijib la. Egzanp: Y ap pran an konsiderasyon resous pou verifikasyon elektwonik, lèt rekòmandasyon ki soti nan men manm fanmi oswa abri, ak/oswa pwòp eksplikasyon pasyan an sou sitiasyon lavi li. Pasyan ki kalifye pou elijibilite posib ap resevwa 100% asistans finansyè.
- f) Nou ankouraje pasyan kòmanse aplike pou asistans finansyè pi vit posib nan pwosesis pou jwenn swen medikal la. Pi bonè Jennersville Hospital konnen pwoblèm finansyè yo, plis posiblite pasyan an genyen pou l vrèman jwenn resous ki ka genyen tankou Medicaid oswa lòt asistans oswa pwogram asirans. Se vre li ideyal pou kòmanse pwosesis la pi vit posib, men pasyan elijib pou mande konsiderasyon asistans finansyè nan nenpòt pwen nan pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an. Si aplikasyon pou asistans finansyè a lanse pandan kont lan twouve l nan pwosesis rekouvremant, aktivite rekouvremant yo ap kanpe jiskaske yo pran desizyon sou elijibilite a.
- g) Pasyan ki kalifye pou asistans finansyè yo pral peye mwens pase frè brit pou nenpòt ka ki pa ijans ak swen ki pa nesèsè sou plan medikal yo bay nan lopital la.
- h) Desizyon konsènan elijibilite pou asistans finansyè ap fèt nan 14 jou apre yo resevwa yon aplikasyon asistans finansyè konplè. Y ap analize aplikasyon enkonplè yo epi y ap eseye kontakte pasyan/moun kap bay garanti a pou plis enfòmasyon. Y ap voye yon lèt konfimasyon nan lang anglè ak espanyòl, ansanm ak yon relve bòdwo revize bay pasyan an pou eksplike l rezilta desizyon an. Relve bòdwo revize a ap gen ladan l tout lajan pasyan an peye anplis nan gade kantite lajan ki dwe. Lè asistans finansyè an apwouve, lèt konfimasyon an ap sèvi tou kòm yon mwayen pou presize peryòd tan detèminasyon asistans finansyè an kouvri. Lèt konfimasyon an ap gen ladann yon non kontak pou pasyan kenbe kòm referans ak resous pou si l gen lòt kesyon.
- i) Si asistans finansyè a pa apwouve, y ap voye lèt nan lang anglè ak espanyòl pou bay rezon ki fè se desizyon sa yo pran, ansanm ak enfòmasyon sou lòt metòd pèman. Si pasyan ta vle fè apèl kont desizyon yo pran an, y ap di l kijan pou l fè pwosesis apèl la.
- j) Pasyan oswa moun ki bay garanti ki pa dakò ak rezilta desizyon elijibilite pou asistans finansyè a ap gen posiblite pou l fè apèl desizyon an. Analiz demann apèl la se Direktè

Aksesibilite Pasyan ki ap fè l, Vis Prezidan Sik Resèt la (Revenue Cycle la) epi, si nesesè, Vis Prezidan prensipal la ak chèf finans lan.

**KONSIY:**

**PWOTOKÒL FOUNISÈ AN:**

**EDIKASYON AK FÒMASYON:**

Ekip Direksyon Aksesibilite Pasyan an ap gen responsablite edikasyon chak ane sou atant ki genyen nan politik sa. Nouvo anplwaye pou aksesibilite pasyan ap jwenn fòmasyon nan kad premye oryantasyon yo.

**REFERANS:**

**APWOBASYON KOMITE/KONSÈY:**

**ANILASYON:**

Tout sa ki nan dokiman sa gen fòs sou tout politik/pwosedi/pwotokòl/konsiy, memorandòm ak/oswa lòt komunikasyon ki te la anvan ki nan dokiman sa.